

THE WRONG HELP CAN HURT

BEWARE OF IMMIGRATION SCAMS



How to Help Someone Applying for an Immigration Benefit...

I want to help someone applying for an immigration benefit...

While appearing simple, providing assistance to someone applying for an immigration benefit can be complex and require an advanced level of legal experience.

I am not an authorized immigration service provider, what can I do?

If you are NOT an Accredited Representative or Licensed Attorney you can **only**:

- Read the form to the individual.
- Translate, either verbally or in writing, information from the individual's native language to English or English to the individual's language.
- Write down information that the individual provides to complete the application.

Immigration scams and consumer fraud are illegal. In some states, there are fines and other penalties for anyone not authorized to provide immigration assistance, even with good intentions.

If I am not authorized to assist this individual, who is?

Only an authorized immigration service provider is qualified to help someone beyond basic preparation or translation. These individuals or groups are:

- A representative accredited by the Board of Immigration Appeals working for a recognized organization, and
- An attorney who is in good standing.

Where can I find an authorized immigration service provider?

- Visit the Department of Justice Board of Immigration Appeals website at <http://www.justice.gov/eoir/biainfo.htm> to search for a:
 - List of accredited representatives and recognized organizations.
 - List of attorneys by state who provide immigration services either for free or for little cost.
- Visit the Executive Office for Immigration Review (EOIR) at <http://www.justice.gov/eoir/discipline.htm> for a list of individuals who have been expelled or suspended from practicing law before USCIS.

For more information on how to locate authorized immigration services, please visit www.uscis.gov/avoidscams.




U.S. Citizenship
and Immigration
Services

M-1111

MOVE ÈD KAPAB FÈ OU MAL

PRAN PREKOSYON OU AVÈK
FWOD NAN ZAFÈ IMIGRASYON



Fason pou Ede yon Moun Aplike pou yon Avantaj Imigrasyon...

Mwen vle ede yon moun aplike pou yon avantaj imigrasyon...

Menmsi li sanble senp, si ou ede yon moun ki aplike pou yon avantaj imigrasyon, sa kapab konplike epitou sa kapab egzije pou gen yon nivo eksperyans legal avanse.

Si mwen pa yon pwofesyonèl sèvis imigrasyon otorize, kisa mwen kapab fè?

Si ou PA yon Reprezantan Akredite oswa yon Avoka ki gen Lisans ou kapab **sèlman**:

- Li fòm nan pou moun nan.
- Tradui, swa aloral oswa alekri, enfòmasyon yo ant lang natifnatal moun nan ak lang Anlè oswa ant lang Anglè ak lang natifnatal moun nan.
- Note enfòmasyon moun nan bay pou ranpli aplikasyon an.

Li ilegal pou fè mètdam nan zafè imigrasyon ak fwod sou kliyan. Nan kèk eta, gen amann ak lòt sanksyon pou nenpòt moun ki pa otorize pou bay èd nan zafè imigrasyon, menm si moun nan gen bon entansyon.

Si mwen pa otorize pou ede moun sa a, kisa pou mwen fè?

Se sèlman yon pwofesyonèl sèvis imigrasyon otorize ki kalifye pou ede ou yon moun anplis preparasyon debaz oswa tradiksyon. Moun oswa gwoup sa yo se:

- Yon reprezantan ki gen akreditasyon Komisyon Apèl Imigrasyon k ap travay pou yon òganizasyon yo rekonèt, ak
- Yon avoka ki gen bon repitasyon.

Ki kote mwen kapab jwenn yon pwofesyonèl sèvis imigrasyon otorize?

- Ale nan sitwèb Komisyon Apèl Imigrasyon Depatman Jistis nan <http://www.justice.gov/eoir/biainfo.htm> pou chèche youn:
 - Lis reprezante ki akredite ak òganizasyon yo rekonèt.
 - Lis avoka selon eta ki bay sèvis imigrasyon swa pou gratis oswa pou bon pri.
- Ale nan sitwèb Executive Office for Immigration Review (EOIR) (Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon) nan <http://www.justice.gov/eoir/discipline.htm> pou jwenn yon lis moun yo te retire oswa sispann nan pratik lalwa devan USCIS.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou chèche sèvis imigrasyon otorize, tanpri ale nan sitwèb www.uscis.gov/avoidscams.